# *Néegub Askan Biy Xareek ub Naxe ak um Nger (OFNAG)*

**Yoon wi jëmale ci costey Néegub Askan Biy Xareek ub Naxe ak um Nger (OFNAG)**

Péncum réew mi, gannaaw ba mu péncoo, tànn na, ci jataayub àllarba 19 deesàbar 2012, yoon wiib këmbam nekk nii :

**Bunt bi jëkk:Yebuy yaatal yi**

**Sàrt wi jëkk**. Genn Kilifteefug Caytu gu yaŋu tudd N**éegub Askan biy Xareek ub Naxe ak um Nger (OFNAG)** Sosees na ko.

**Sàrt 2.** OFNAG a ngi sasoo pàgg ak xareek ub naxe, am nger, jëf yu ni mel, ak njalgati yi làng ak ñoom, ngir jëme kanam mat-njub ak ngor ci caytum mbiri pegg yi (mbiri askan wi).

**Sàrt 3.** OFNAG dañ ko sant cig fésal:

1. dajale, settantal ak jox kilifay yoon yi yelloo toppe xibaa yu jëm ci feeñal ak ndaanum jëfi nger, naxe ak jëf yu ni mel, yu képp kuy liggeey ci kërug liggeeyukaayu nguur walla gu féddi-géew ;
2. digle yépp coppite, sañ-sañ-àtte, sàrtal walla caytu yuy jëme kanam caytuwinug njiiteef gu jag, weccantey njarteefi réewoo-réew yi bokk ci.
3. jot kalaamey jëmmi nit ak jëmmi xalam yu jëm ci mbiri nger, jëf yu ni mel, walla njalgati yi làng ak ñoom ;
4. Joxey xalaatam ci wàllu matuwaayi pàggu, bu ko kilifay nguur yi sàkkoo, xalaat yooyu mëneesu leen jébbaane.

Ci biir njëfey sasam, OFNAG mën na:

- déglu képp nit ku ñu njort ne taq na ci lenn ci jëf yi ñu fàggu ci bi jëkk ci sàrt 3 u yoon wii ;
- taataan bépp seede, bépp xibaar, wépp wayndare wu am solo, te ndencum mbóoti liggeey (sëkëre porofesiyonel) mëneesu ko ko gàntale ;

- Laaj bànk këri gidan (finãasiye) yi bépp xibar bu jaadu, te ndencum mbóoti bànk (sëkëre bànkeer) mëneesu ko ko gàntale ;

OFNAG mën na sàkku liggeeyub képp ku ko mën a (jàppale) indil njariñ.
**OFNAG** day suuxat ay céquy njàppalanteek mbootaayi réew ak yu réewoo-réew yi mel ni moom tey yëngu ci tool ub xareek ub naxe, am nger, jëf yu ni mel, ak njalgati yi làng ak ñoom.
Ci seen biir njëfey sas, way-bokki OFNAG yi duñu jot ndigal ci genn kilifa.

**Bunt II : tëralin ak doxalin**

**Sàrt 4.** OFNAG a ngi Ëmb (soloo) 12 way-bokk yu njiit li ak tofob njiit li bokk. Dañ leen di tànn ci way-àtte (masistaraa) yi, ci way-bokki nguur gi bokk ci Cutaateg A1 walla yu ni mel, ci jàngalekat yu mag a mag yi ci Iniwersite yi, ci way-bokki Sósiyete siwil bi ak fànnu féddi-géew yi am lijaasay jàngalekat bu kawe buy dayook Maastë walla boog  ñu yemook moom.
way-bokk yépp ay firndeel seen xam-xamu jëf-gisub fukki at lu mu néew-néew.
**Sàrt 5.** Njii li, tofob njiit li ak yeneen way-bokki OFNAG yi dañ leen di fale cib dëkëre, ngir diirub ñetti(3) at yuñ mën a yeesal benn yoon doŋŋ. Yeesal gaa ngiy am cig genn wàll ñetti (3) at yu ne.
Njiit li day jëfeb cëram ci anam ub wéyal, ba mu des yënguy liggeeyub pegg mbaa bu féddi-géew.
**Sàrt 6.**  Deesul dàkkal cërub way-bokku OFNAG lu jiitub gàppam, lu dul cig:

- yenniku (tekki ndombog tànk)
- ndeet (wàcc ub liggeey, gaañu)
- njuumte (njalgati) gu réy walla gàllankooru aji-soxal ji genn wàllug way-bokk yi nemmiku ci këyitug nettalib njiit li.

Njuumte (njalgati) walla gàllankoor yi dañu leen di nemmiku ci këyitug nettalib tofob njiit li.
Kuutlaaye gaa ngiy ame ci yenn sàrti palin yi rekk.
Diiru paleefug kuutlaay baa ngiy tollu rekk ci diir bi desoon a matal.

**Sàrt 7.** Njii li mooy tër pasinuw waxtan wi, jiite liggeey yi tey sàmm doxalin wu jag ci OFNAG.

Mooy xaatim wayndareek bataaxal yépp tey teewal OFNAG ci wetu kilifa yeek naataangoom yi.

Bu gàllankoor mbaa kuutey njiit li amee, tofob njiit li mooy wéyal kuutlaay gi

**Sàrt 8**. Ab dëkëre mooy takk peyoor ak xéewali mbindarey njiit li, booleeek nàmpaay ak xéewali mbindarey tofob njiit li ak yeneen way-bokki OFNAG yi.

**Sàrt 9.** Way-bokki OFNAG yi mëneesu leen a top, wër, jàppn tëye walla àtte ci kaw i xalaat mbaa gis-gis bu biral mbaa jëf walla dogal yu ñu jël ci seen biir uw sas.

**Sàrt 10.** Way-bokki OFNAG yi dañuy am warugaru màndute ak ndencum mbóoti liggeey (sëkëre porofesiyonel) bi.ba la ñuy jël ub cër, dañuy def, ci kanamu péncum (Ëttub) àttewaat giy tooge ci jataayub màggal (darajaal), ag waat gu ëboo nii : « maa ngi waat ca kaw ne dinaa matal bu baax samaw sasu way-bokku OFNAG cig dëggu, ànd ceek yaŋ-yaŋ ak ug màndute ci anam bu gore te jub ak a ndenc mbóoti péncoo yi ».

**Sàrt 11.** OFNAG a ngiy daje ci wooteb njiitam walla ci dagaanugb benn ñetteelu way-bokkam. OFNAG mënul a péncoo mu jaar yoon lu dul ci ñaar ci ñetti way-bokkam yu nekk dañu teew. Day tànn ay dogalam ci raw-gàddug way-bokkam yi teew. Bu tollooy baat amee, baatub njiit li mooy féete kaw.

Ndaxte ñu génne ko ci yebuy (matuwaayi) rëdd-dandal bi jiitu, OFNAG a ngiy dogaleek tànnug ñaar ci ñetti way-bokkam yi teew bu dee péncoo ci njoxeem wayndare bu jëm ci Porokiirëru Nguur gi.

**Sàrt 12.** OFNAG day jógal boppam taxaw jonn ci jépp jëfu naxe ju mu xam, nger walla njalgati yi dàkku ci rëdd-dandal bi jëkk ci sàrt 3. Gannaaw loolu yit jépp jëmmu nit walla jëmmu xalam mën na ko ko xamal.

**Sàrt 13**. OFNAG mën na jot ci gépp këyitu nettali gu ëmb mbiri naxe walla nger.

**Sàrt 14.** Ci njeextel gëstoom, bu dee xibaar yi mu dajale settantal leen dañu njortlu benn ci njalgati yi dàkku ci rëdd-dandal bi jëkk ci sàrt 3 u yoon wii, OFNAG day jébbal Porokiirëru Nguur gi këyitu nettali guy ànd ak këyiti mbir mi.

Jébbalum këyitu nettali gi Porokiirëru Nguur gi day yenni OFNAG (ci yenam bii)

**Sàrt 15.** OFNAG mën na xelal kilifag manoore gi mu door aw doxalinub yar, ci bépp liggeeykatu nguur walla ndawu pegg bu jiiñu ci mbir yi dàkku ci rëdd-dandal bi jëkk ci

sàrt 3 u yoon wii. Bu dee benn pexe jëleesu ko ci xelal boobu, OFNAG da koy yégal Njiitu réew mi.

**Sàrt 16.** OFNAG am na birob ndéeyteg wéyal bu ndéeyteefub wéyalam jiite. Faloo ci dëkëre, ndéeyteefub wéyal baa ngi nekk ci kilifafug njiitu OFNAG. Ngir njëfey sasam, OFNAG mën na jote ci ndimbali Nguur gi.

**Sàrt 17.** At mu jot OFNAG day defar këyitu nettali gu ëmb rawatina matuwaay yi mu xelale te jëm ci pàggum jëfi naxe walla nger. Këyitug nettali gi dañuy jox Njiitu réew mi. Dañu koy siiwal ci anam yépp yi jaadu.

**Sàrt 18.** Benn dëkëre mooy mottali, bu ko yelloo, sàrti tëralin ak doxalinu OFNAG.

**Bunt III : Mbelli koppar yi**

**Sàrt 19.** Mbelli koppari OFNAG a ngiy bawoo :

- cërub gidan (koppar) bi Nguur giy sédd;
- mbokkoo yi, jàppaleek dimbal yi farandooy jàppalanteb ñaari réew mbaa réew yu bari di joxe.

**Sàrt 20.** OFNAG day tëral bidseem ànd ceek kureli xarala Nguur yi ci manoorewu te dko doxal nu méngook sàrti woññatug (kontaabilite) pegg gi. Alal ji war ci w doxinam ak i sasam dañu leen di bind ci anamu mën dem ak boppam ci bidseb yaatal bi. Ñu ngi leen di digle ci fànnu yoonuw gidan yi.

Koppar yooyu ñu ngi leen di jébbal OFNAG ci njébeenu atum gidan mi.

OFNAG am na ab ndigle ci jëmmu njiitam ak benn woññatkatu pegg bu Njëwriñ li ñu dénk gidan (koppar) yi di tànn.

Doxalinu gidanu OFNAG gi ab dëkëre moo koy takk.

**Bunt IV: Yebuy jàppandal ak njeexte yi**

**Sàrt 21.** Dale ci bés bi yoonu wii tàbalee jëfu, mbir yépp yi nekkoon ci yoxoy Kurelug réew gi ñu dénk xareek leeradiku gi, nger mi ak njuuj-njaaj yi dañu leen di jébbal OFNAG.

**Sàrt 22.** Yebu yépp yi wuuteek yoon wii, farunañu tey, rawatina yoon N°2003-35 bu 24 nowàmbar 2003 bi jëmale ci costeg Kurelug réew gi ñu dénk xareek leeradiku gi, nger mi ak njuuj-njaaj wi yoon n° 2008-42 bu 20 Août 2008 soppi.